

# Dwa Anplwaye yo

Anplwaye ki pwoteje avèk Lwa Nasyonal konsènan Relasyon Travay gen sèten dwa pou chita ansanm pou amelyore salè yo ak kondisyon travay yo, avèk oswa san yon sendika.

## Aktivite Sendika

Anplwaye yo gen dwa pou fè tantativ pou yo fòme yon sendika kote pa gen okenn sendika nan moman an, oswa pou yo revoke akreditasyon yon sendika ki pèdi sipò anplwaye yo.

Men kèk egzanp nan dwa anplwaye yo:

- Dwa pou fòme oswa tantativ pou fòme yon sendika nan espas travay ou;
- Dwa pou antre nan yon sendika kit patwon an rekonèt oswa pa rekonèt sendika a;
- Dwa pou asiste nan òganizasyon yon sendika avèk kamarad anplwaye ou yo;
- Refize fè nempòt oswa tout bagay sa yo.
- Pou jwenn reprezantasyon yon sendika san paspouki.

## Aktivite Deyò yon Sendika

Anplwaye ki pa reprezante avèk yon sendika gen dwa tou anba NLRA. Nan yon fason espesyal, Konsèy Nasyonal Relasyon Travay pwoteje dwa anplwaye yo genyen pou angaje na nan “aktivite nan tèt ansanm”, ki se lè de oswa plis anplwaye fè aksyon pou youn jwenn èd oswa pwoteksyon lòt konsènan kondisyon jeneral travay la. Yon sèl anplwaye ka angaje tou nan aktivite pwoteje nan tèt ansanm si anplwaye a ap aji sou otorizasyon lòt anplwaye yo, pou atire atansyon patwon an sou plent gwoup la, pou eseye deklanche aksyon gwoup la, oswa pou chèche prepare pou aksyon gwoup la.

Men kèk egzanp aktivite nan tèt ansanm ki pwoteje:

- De oswa plis anplwaye ki kontakte patwon yo konsènan amelyorasyon salè yo.
- De oswa plis anplwaye k ap diskite sou pwoblèm anrapò avèk travay la epi ki depase salè tankou enkyetid pou sekirite youn avèk lòt.
- Yon anplwaye k ap pale avèk yon patwon sou non youn oswa plis kamarad travay konsènan amelyorasyon kondisyon travay la.

Plis enfòmasyon, tankou deskripsiyon ka aktivite nan tèt ansanm, [disponib nan paj aktivite pwoteje nan tèt ansanm](#).

## Kimoun ki pwoteje?

Pifò anplwaye ki nan sektè prive a pwoteje avèk NLRA. Men, Lwa a sitou eskli moun ki:

- se anplwaye gouvènman federal, gouvènman leta, oswa gouvènman lokal
- anplwaye kòm ouvriye agrikòl

- anplwaye nan sèvis nan yon kay nenpòt moun oswa fanmi
- anplwaye pou travay pou yon paran oswa pou yon madamn oswa mari
- anplwaye kòm yon kontraktè endepandan
- Anplwaye kòm yon sipèvizè (sipèvizè ki te viktim nan pratik diskriminasyon poutèt yo te refize vyole NLRA ka pwoteje)
- Anplwaye pou travay pou yon patwon ki depanne Lwa konsènan Travay nan Chemennfè, tankou konpayi chemennfè ak konpayi ayeryen
- anplwaye pou travay poui yon lòt moun ki pa yon patwon jan sa defini nan NLRA

Gen plis enfòmasyon [ki disponib nan paj nòm Jiridiksyonèl yo.](#)

**Pou jwenn lòt enfòmasyon:**

Si ou gen lòt kesyon:

- Gade paj nou pou [Kesyon Moun Poze Souvan.](#)
- Tcheke seksyon konvèsasyonèl nou sou lwa ki pwoteje yo pou [Dwa Anplwaye yo.](#)
- Kontakte Biwo Afè Piblik nou nan nimewo [202-273-1991](#) oswa youn nan [26 biwo rejyonal nou yo.](#)

Si ou pare pou depoze yon Akizasyon oswa yon Petisyon, ou ka fè sa nan NLRB's [aplikasyon elektwonik pou demann \(E-File\) application](#)NLRB.